

Wenehana tandha (x) ing salah sijining aksara a, b, c utawa d ing lembar wangsulane kang cumawis!

Maca

Wacan 1

LELARA

Dening Suci Hadi Suwita

Teka tanpa taha-taha,
satus dalane,
sewu jalarane,
saleksa jeneng memala,
nadyan kaduwa tetep meksa,
nlusup selaning lena,
sok nglayang liwat mega meksa,
malang kadhak nantang kang tan kawagang,
slulup lelumban ing peranganing raga,
lelara raga pengkuh datan karasa,
mudha prakosa lelara datan temama,
bayi cilik ringkih lelara ngungkih-ungkih,
tuwa nglungka lelara teka kuwasa,
jroning raga perang tandhing rebut daging,
bala getih isih kabantu tamba linuwih,
ati wani tan jirih,
nyenyuwun Gusti Maha Asih,
mung loro butulane,
mari apa mati.

1. Kepriye tekaning lelara iku ?

- a. nadyan kaduwa tetep meksa
- b. tanpa taha-taha
- c. nglayang liwat mega
- d. nlusup selaning lena

2. Mudha prakosa lelara datan temama. Tembung datan tegesipun

- a. bisa
- b. ora
- c. kuwat
- d. rekasa

3. Manut geguritan ing ndhuwur, ana pira jeneng lelara iku?

- a. satus
- b. sewu
- c. sayuta
- d. saleksa

Wacan 2

TEMBANG MIJIL

Dedalané wong kang dadi murid,
kudu andhap asor,
wani ngalah luhur wekasane,
aja seneng duwe watak serik,
bapang den simpangi,
ana catur mungkur.

4. Tembang mijil ing ndhuwur kang guru wilangan lan guru lagune 10 e dumunung ing gatra

- a. 1
- b. 3

- c. 4
 - d. 6
5. Guru wilangan lan guru lagune gatra 5 tembang mijil iku
- a. 10 i
 - b. 10 u
 - c. 6 u
 - d. 6 i
6. Tembang mijil iku ana pirang gatra?
- a. 5
 - b. 6
 - c. 7
 - d. 8
7. Ana catur mungkur tegesipun
- a. Akeh alesan nanging gelem nindakake.
 - b. Guneman waton metu tanpa dipikir dhisik.
 - c. Ora gelem ngrungokake rerasan kang ora becik.
 - d. Nacad sejatine melik.
8. _____ Tulisan jawa iku manawa katulis latin
- a. Dadia murid kang sregep sinau.
 - b. Dadi murid sregep sinau.
 - c. Dadi murid kudu sregep sinau.
 - d. Dadi murid iku kudu sregep sinau.
9. _____ Tulisan aksara jawa iku manawa katulis latin kang bener
- a. Tuku kweni lima.
 - b. Tuku kwali lima
 - c. Nuku kweni lima.
 - d. Nuku kwali lima.
10. _____ Tulisan aksara jawa iku manawa katulis latin
- a. Sluman, slumun, selamat.
 - b. Sluman, slumun, slamet.
 - c. Sluman slumun selamat.
 - d. Saluman, salumun, selamat.

Wacan 3

TRADHISI RASULAN

Tradhisi rasulan utawa bersih desa utawa merti dhusun nganti tekan saiki isih tetep dilestarekake dening masyarakat ing Gunungkidul. Adicara kasebut diadani saben taun sepisan, sabubare mangsa panen. Rerangken acara rasulan ana kang diadani sacara gedhen-gedhenan, ana uga kang mung prasaja. Kang baku wus kacakup kabutuhan utawa perlune. Maneka warna kesenian tradhisional lumrahe digelarake ing adicara rasulan mau. Ing antarane Reyog, Dhogeran, Jathilan, Wayang Kulit, Campursari, Kethoprak lan liya liyane.

Masyarakat tumplek bleg, melu ambyur ngregengake rasulan. Sawernane jinis panganan melu dicawisake kanggo ngramekake tumekane acara rasulan ing desane dhewe-dhewe. Rasulan iku ditindakake duwe ancas minangka sarana caos atur panuwun marang Gusti Kang Maha Kuwasa, amarga sasuwene setahun kepungkur wus diparingi kasarasan, keslametan, rejeki sarta diparingi asil panen kang murakabi.

11. Andharan ing ngisor iki kang minangka underaning rembug paragraf 1 wacan 2 ing ndhuwur
- a. Tradhisi rasulan nganti tekan saiki isih tetep dilestarekake masyarakat Gunungkidul.
 - b. Adicara Rasulan diadani ing saben taun sepisan sabubare mangsa panen.

- c. Rerangken adicara Rasulan diadani kanthi cara gedhen-gedhenan.
 - d. Maneka warna kesenian tradhisional digelar ing adicara rasulan.
12. Rerangken adiacara rasulan ana kang diadani sacara gedhen-gedhenan, ana uga kang mung prasaja. Tembung prasaja tegese ...
- a. katon moncer
 - b. apa anane
 - c. katon gayeng
 - d. guyub rukun
13. Manut wacan ing ndhuwur, kapan adicara rasulan ditindakake?
- a. Ing saben taun.
 - b. Saben taun sepisan.
 - c. Saben taun sepisan sabubare panen.
 - d. Saben taun sepisan nalika panen.
14. Apa ancas tujuwane tradhisi rasulan ditindakake?
- a. Atur panuwun marang Gusti kang Maha Kuwasa supaya tansah diparingi kasarasan, keslametan lan rejeki.
 - b. Atur panuwun marang Gusti kang Maha Kuwasa supaya taun ngarep diparingi panen kang luwih murakabi .
 - c. Atur panuwun marang Gusti kang Maha Kuwasa supaya taun ngarep diparingi kasarasan, keslametan, rejeki lan panen kang murakabi.
 - d. Atur panuwun marang Gusti Kang Maha Kuwasa amarga setahun kepungkur wis diparingi kasarasan, keslametan, rejeki lan panen kang murakabi.
15. Cangkriman-cangkriman ing ngisor iki kang awujud pepindahan(emper-emperan) yaiku
- a. Sega sekepel dirubung tinggi.
 - b. Wong wudunen iku sugih pari.
 - c. Lawa lima, kalong telu ana pira?
 - d. Wis gedhe kok ngguyu tuwa.

Wacan 4 POCUNG

Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung,
dawa kaya ula,
pencokanmu wesi miring,
sing disaba sipucung mung turut kutha.

16. Tembang pocung iku katitik isine kalebu cangkriman. Apa batangane cangkriman iku?
- a. sepur
 - b. salak
 - c. nanas
 - d. gajah
17. Purwakanthi iku dibutuhake ing sajrone gawe geguritan utawa tembang. Ukara-ukara ing ngisor iki kang migunakake purwakanthi guru basa/lumaksita yaiku
- a. Asung bekti, bektine kawula marang Gusti.
 - b. Ruruh, rereh, ririh ing wewarah.
 - c. Wong bungah sok nemu susah.
 - d. Kudu sregep sinau, sapa sing kepengin maju.
18. Pratelan-pratelan ing ngisor iki kang migunakake purwakanthi guru sastra yaiku
- a. Inggah inggih nanging ora kepanggih.
 - b. Yitna yuwana lena kena.
 - c. Lamun wonten cicir cewet kuciwanipun, kula nyuwun pangaksama.
 - d. Tuwas sayah ora paedah.

- 22 || ព្រះធម្មបទដ្ឋកថា ៥ || ព្រះធម្មបទដ្ឋកថា ៥ || ព្រះធម្មបទដ្ឋកថា ៥ ||

- Doni tangi adus dandan, banjur mangkat sekolah.
- Doni tangi, adus, dandan, banjur mangkat sekolah.
- Doni tangi, adus, dandan banjur mangkat sekolah.
- Doni tangi adus dandan banjur mangkat sekolah.

23. Tembung-tembung ing ngisor iki kang kalebu tembung camboran yaiku ...
 - a. raja brana, bala pecah, gulu banyak
 - b. wanasaba, sapa aruh, naga sari
 - c. mata kebo, mata sapi, gilir gumanti
 - d. sayuk rukun, akal budi, bibit kawit
24. Ukara-ukara ing ngisor iki kang migunakake tembung camboran yaiku ...
 - a. Karo sedulur iku sing guyub rukun, aja mung tukaran wae.
 - b. Rukune kaya mimi lan mintuna.
 - c. Sanajan pinter dheweke tetep andhap asor.
 - d. Ibu mundhut semar mendem kanggo arisan mengko bengi.
25. Ukara-ukara ing ngisor iki kang migunakake tembung kosok balen yaiku ...
 - a. Gedhe cilik, lanang wadon, tuwa enom kabeh padha nonton reyog ing Bale Desa.
 - b. Tarmi iku bocahe ayu tur pinter tata krama.
 - c. Aku ora ngerti bibit kawite prakara iku.
 - d. Ulah raga iku bisa ndadekake awak tansah bagus waras.
26. Ukara-ukara ing ngisor iki kang migunakake tembung khusus yaiku ...
 - a. Yen nyabrang dalan gedhe kudu ngawasake kiwa tengen akeh kendaraan!
 - b. Ing Gembiraloka ana macan tutul.
 - c. Saben esuk ana wong dodol janganan.
 - d. Mangan woh-wohan njalari badan sehat.
27.
 1. Wedang jeruk bisa nambani lara watuk.

2. Akeh wit-witan kang padha rubuh kena angin puting beliung.
3. Aja mangan pelem mentah, wetengmu bisa mules!
4. Akeh wong padha mudik numpak sepedha motor.
5. Jaman saiki akeh banget jenenge lelara iku.

Ukara-ukara ing ndhuwur kang migunakake tembung umum ukara

- a. 2,4
- b. 1,3
- c. 3,5
- d. 2,5

28. Minggu kepungkur Pak Lurah sakulawarga tindak Jakarta. Miturut surasane ukara iku kalebu ukara apa ?

- a. ukara pitakon
- b. ukara pangajak
- c. ukara pamenging
- d. ukara carita

1. Mangga dipunentosi ngriki kemawon!
 2. Buku kuwi tatanen maneh sing rapi!
 3. Ora pareng rame simbah lagi sare!
 4. Mangkata saiki wae supaya ora telad!
 5. Ayo padha matur Pak Guru saiki wae!
- 29.

Ukara-ukara ing ndhuwur kang kalebu ukara pangajak yaiku

- a. 1,3
- b. 4,3
- c. 1,5
- d. 5,2

30. Ukara-ukara ing ngisor iki mujudake ukara pitakon yaiku

- a. Wacanen resep saka Pak Dhoter iku!
- b. Sapa nandur bakal ngundhuh.
- c. Apa kang dadi gegayuhanmu muga-muga bisa kasembadan.
- d. Apa kang njalari lara demam berdarah iku?

31. Saiki umurku 10 taun. Ukara iku manawa katulis nganggo aksara jawa kang bener ...

- a. ?saikiaumu/ku;40;taun,
- b. ?saikiaumu/ku;30;taun,
- c. ?saikiaumu/ku;20;taun,
- d. ?saikiaumu/ku;10;taun,*

32. Warga masyarakat padha sayuk ... ndadani dalan kang rusak. Tembung kang trep kanggo ngganepi ukara iku

- a. rukun
- b. guyub
- c. kridha
- d. karsa

33. Ukara-ukara ing ngisor iki migunakake tembung saroja, kejaba

- a. Tindak-tanduke Suti pancen apik banget.
- b. Tata krama iku kudu lumrah kanggo sapa wae.
- c. Muga-muga ora ana godha rencana.
- d. Aku wingi mangan randha royal entek papat.

34. Anak kudu bekti marang wong tuwa. Apa dasanamane tembung anak?

- a. tanaya, yoga, siwi, sunu
- b. rama, sudarma, sudarmi, yayah

- c. biyang, indhung, rena, wibi
- d. dwija, muni, resi, wiku

Wacan 5

.....
 Sekar wus sumawur,
 ing puncaking arga,
 raga bakal sirna,
 sukma nuju kaendahan agung,
 mendhung gumantung ing lawang,
 sumilak,

35. Tembung arga ing pethilan geguritan iku kalebu dasanamane tembung
 - a. lintang
 - b. angin
 - c. gunung
 - d. bumi
36. Sukma nuju kaendahan agung. Apa tegese tembung Sukma ing pethilan geguritan iku?
 - a. angga
 - b. nyawa
 - c. sarira
 - d. awak
37. Ukara-ukara ing ngisor iki kang migunakake seselanan um yaiku
 - a. Dadi bocah aja sok kumawani marang wong tuwa.
 - b. Para mudha ageng sanget sumbang surungipun tumrap kemajenganing bangsa.
 - c. Anggonmu mrene numpak apa?
 - d. Dadi wong iku aja gumedhe, mundhak disengiti kanca
38.
 1. Dheweke pancen bocah wadon sing kumayu dhewe ing kelas VIII A.
 2. Degan krambil kae pancen kumeruk.
 3. Peleme wis rumujak.
 4. Kabeh padha gumuyu nalika nonton dagelan ing televisi.
 5. Bocah sing kuminter didohi kanca.
- Seselan um ing ukara-ukara ndhuwur kang teges "duwe panganggep" yaiku
 - a. 1,5
 - b. 2,5
 - c. 2,3
 - d. 1,4
39. Ukara-ukara ing ngisor iki endi kang migunakake seselan er?
 - a. Ing alun-laun saiki ana kerameyan.
 - b. Yen disawang saka Pathuk lampu-lampu ing Ngayogyakarta pating kerelip.
 - c. Aku ora ngerti tenan perkara iku.
 - d. Anggone nandur jati ing perengen sisih kidul.
40. Ukara ing ngisor iki kang migunakake seselan el dumunung ing ukara
 - a. Aja mung mangan wae, awakmu wis kelemo!
 - b. Lampu kae yen disawang saka kadohan mung katon kelap-kelip.
 - c. Pasar malem ing alun-alun kae lampune pating gelebyar.
 - d. Yen didukani Bapak adhiku mripate mung kelap-kelop.
41. Tuladhane ukara sambawa kang nduweni teges upama yaiku
 - a. Mangkata esuk mau, aku ana kancane.
 - b. Mangkata saiki, mundhak telad!

- c. Wis enggal mangkata, ora susah ngenteni aku!
 - d. Mangkata ta wae, aja mangu-mangu kaya ngono iku!
42. Ukara sambawa kang nduweni teges sanajan dumunung ing ukara
- a. Pintera ya ngger sekolahmu, kareben kasembadan apa kang dadi gegayuhanmu!
 - b. Pintera dheweke ora umuk marang kanca-kancane.
 - c. Lulusa ya ujianku kanthi biji sing apik!
 - d. Lulusa ngono, wong tuwaku seneng banget.
43. Ukara-ukara carita ing ngisor iki kang nggambarake kahanan kang wis mesthi
- a. Kang ngagem bathik kae dudu Bapak Kepala Sekolah.
 - b. Aku ora percaya yen dheweke ora lulus ujian.
 - c. Adohe anggone mlaku wingi kira-kira 5 km.
 - d. Kang nggawa Bausastra jawa pancen aku.
44. Ukara-ukara ing ngisor iki ukara carita kang nggambarake kahanan kang durung cetha, kejaba
- a. Bapak anggone rawuh mbok menawa mengko sore.
 - b. Saiki kira-kira jam 11.00 WIB.
 - c. Pakdhe dina iki mesthi rawuh mrene.
 - d. Yen ora kleru sesuk dina Selasa.
45. Lho kok njanur gunung, kadingaren panjenengan mampir, ana prelu apa? Njanur gunung karepe
- a. pareden
 - b. duren
 - c. aren
 - d. wijen

II. Wangsulana pitakonan-pitakonan ing ngisor iki kanthi cekak aos!

Maca

46. Golekana tegese bebasan ing ngisor iki!
- a. Rebut balung tanpa isi.
 - b. Nabok nyilih tangan.
47. Apa cangkrimane kanthi batangan/bedhekan ing ngisor iki?
- a. andha
 - b. geni

48. Tulisan aksara jawa ing ngisor iki tulisen latin!

?sepiai=pm]ihr[mai=g[w.

Nulis

49. Gawe ukara nganggo basa krama migunakake tembung homonim ing ngisor iki!

mundhut kang tegese: 1. tuku

2. njupuk

50. Ukara ing ngisor iki tulisen ngango aksara jawa!

Sing sapa goroh growah.